Coordination des Associations culturelles nationales

Association pour la Promotion de la Langue Wolof en République Islamique de Mauritanie (APROLAWORIM)
tel : 22 46 29 72

Association pour la Renaissance du Pulaar en République Islamique de Mauritanie (ARPRIM)
tel : 46 96 19 58

Association Mauritanienne pour la Promotion de la Langue et de la Culture Sooninké (AMPLCS)
tel : 46 40 03 69

Xamle

Jëm ci yoon jëmu

Ëttu ndawi réew mi yoonal na yoonu jëmu wu njàngum réew mi,ci fan yii nu génn. Ci ñaanu jawriŋ gi ñu denk njàngum réew mi,Lëkkaleb mbootaayi mboor ci réew mi pulaar,soninké, Wolof bokk nañu ci ndàjey weccànte xalaat yi amoon ci réew mi (ci diwaan yi ak ci péeyu réew mi). Jëm ci copite njàng mi. Bokk boobu màyoon na leen ñu leeral ligéey bi amoon ci daaray làkki réew mi fi nekkoon, ba ñi ëpp ci ña fa teewoon gëm ni war nañu duggalaat làkki réew mi ci njàng mi.

Ganaaw gi jokkoo yi am ak jawriŋ gi ak copite yi ñu ka xelal te yenn yi ñu nangu leen (Ponk 7aju ci jëmuy daara yi, Ponk 55 jëm ci njàngum màg ñi yenn bunt ci Ponk 65 ci misaal) tàx na yokkute am ci yoon wi.

Koon lëkkaleb ñatti mbootaay yi, ganaaw yi doyul ak leerul ci yoon wi te di ñaawlu ni ëttu ndàwi réew mi nanguwul yenn copite ci jeexital wi, jàpp nañu ni benn ci ñaar yi ëpp solo çi yi mu doon laaj nangu nañu ka, te mooy duggalaat làkki réew mi pulaar, soninké, wolof ci tëralinu njàng mi,ñu doon làkk yu ñuy jànge te di ci jokkoo,yokk ci taxawal ab kureel gu yore yokkute ak jëmmal njàng ci làkki réew mi.

Lëkkaloo bi mungee yeesal taxawaayam ci ànd ak doxalin wii ni ka dooleem maye,di woo nguur gi mu def ci lepp lu mu laaj ci nit,ci jumtu,ci àllal,te jëfkat yi yepp mbootaayi mboor yi jiitu ci def ci seeni loxo ak pasteef ngir wóyal seen xeex ba am li ñu bëgg ràwatina li aju ci yoonal làkki réew mi pulaar,soninke, wolof.

Nuwaaksoot 8,ut 2022
Lëkkaleb mbootaayi mboor yi